



Pou Piblikasyon Imedya: 09/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI ETABLI KAD REGLEMANTÈ POU PWODUI EPI VANN CHANV NAN ETA NEW YORK

S.6184/A.7680 an etabli yon pwosesis otorizasyon eta a pou pwodiktè, transfòmètè ak vandè ekstrè chanv yo

Li Egzije tès laboratwa pou pwodui ekstrè chanv yo, ki genyen ladan yo, CBD, ak mete etikèt sou pwodui yo

Eta New York ap akeyi Somè Chanv lan nan mwa janvye

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.6184/A.7680) ki etabli yon kad reglemantè pou pwodiksyon ak vant chanv ak ekstrè chanv nan Eta New York. Mezi a egzije tou pou sektè chanv lan teste epi mete etikèt sou pwodui yo, pou pwoteje konsomatè yo kont danje ki posib. Lejislasyon an te siyen nan konfòmite ak akò yon chapit, ki prevwa yon kad reglemantè ki pi rasyonèl pou pwodui abaz chanv yo, bay Depatman Agrikilti ak Mache a (Department of Agriculture and Markets) sipèvizyon sou pwodiktè chanv yo ak Depatman Sante (Department of Health) a sipèvizyon sou ekstrè chanv; kreye yon obligasyon anrejistreman pou moun k ap vann pwodui ekstrè chanv yo; fè chanjman reglemantè ki konfòm ak Pwojè Lwa Agrikòl (Farm Bill) 2018 la; epi transfere priz desizyon sou ekstrè chanv, ki genyen ladan l, CBD, antanke aditif pou aliman ak bwason.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta New York ap akeyi yon somè sou chanv nan mwa janvye pou plis devlope politik ak priyorite ki lye ak sektè k ap boujonnen sa a.

"Sektè chanv lan nan New York ap eksploze e avèk kwasans sa, gen yon responsablite ki mande pou reglemante sektè a, nan yon fason k ap ede asire vyabilite alontèm li epi pwoteje konsomatè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè n etabli yon kad reglemantè pou pwodui epi vann chanv ak ekstrè chanv, nou ka mete sektè a nan yon wout pou l kontinye grandi nan yon fason ki entelijan, ki sekirize ki responsabilize agrikiltè ansanm ak konsomatè yo."

Pwogram chanv Eta New York la, ki genyen ladan l mache ekstrè chanv lan, ki vann pwodui ki popilè tankou CBD sa pa gen lontan, te eksperimante kwasans ki enpòtan. Kwasans sektè sa ki genyen ladan l plis konsomatè k ap itilize pwodui ekstrè chanv yo, te ogmante bezwen pou yon kad reglemantè ki byen defini pou pwodui epi vann ekstrè chanv ansanm ak pwoteksyon ki pi solid pou konsomatè yo. Mezi sa ede reyalize objektif sa lè li etabli yon pwosesis otorizasyon eta a pou kiltivatè, transfòmètè ak vandè chanv ak ekstrè chanv, epi egzije tès laboratwa ak etikèt pou pwodui ekstrè chanv yo.

Senatè Jen Metzger te deklare, "Jodi a, New York te franchi yon etap lidè nasyonal pou kreye kad pou pwodiksyon, transfòmasyon ak vant ekstrè chanv ak pwodui ki lye yo nan eta nou an, lè li bay yon opòtinite ekstraòdinè pou agrikiltè ak biznis nou yo nan chèn valè a pandan l ap asire ke nou genyen nòm ki nesèsè pou pwoteje sekirite ak byennèt konsomatè a. Antanke Prezidan Komite Agrikilti Sena a (Senate Agriculture Committee), mwen kontan anpil pou fè patenarya ak omològ mwen nan Asanble a, Donna Lupardo, ansanm ak Gouvènè a pou mete lejislasyon sa anplas nan yon fason ki apwopriye".

Manm Asanble Donna Lupardo te di, "Pandan senk ane ki pase yo, New York te devlope ak atansyon, youn nan pwogram chanv ki pi apresye nan peyi a. Akoz entèrè enòm konsomatè yo genyen nan ekstrè chanv tankou CBD, nou dwe devlope nòm etiketaj ke piblik la ka fye. Lejislasyon sa bay pwoteksyon ki enpòtan pou konsomatè yo, pandan l ap bay yon direksyon ki klè pou plizyè milye agrikiltè, transfòmasyon ak fabikan ki te fè investisman enpòtan nan nouvo sektè sa. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a pou lidèchip li sou sijè sa, ki pozisyon New York kòm yon lidè chanv onivo nasyonal".

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)